



Pou Piblikasyon Imedya: 04/10/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE YO FINI AMELYORASYON NAN SANT CORNELL FOOD VENTURE

Yo transfòme Sant Geneva Food Research gras ak teknoloji modèn pou inovasyon nan pwodiksyon, transfòmasyon ak anbaj manje

Investisman an ap Konplemanje Inisyativ “Finger Lakes Forward” lan – ki se Estrateji Global Rejyon an pou Revitalize Kominote yo ak Devlope Ekonomi an

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodi a te anonse yo fini 13 milyon dola amelyorasyon nan Izin Pilòt Sant Cornell Food Venture. Etablisman rechèch modèn lan sipòte plis pase 500 konpayi anyèlman pou devlope nouvo fason pou pwodwi, trete ak fè maketin pou manje ki soti New York. Investisman jodi an konplemanje Inisyativ “Finger Lakes Forward” lan, ki se estrateji global rejyon an pou revitalize kominote yo epi devlope ekonomi an.

“Fèm ak manje lokal se eleman vital nan ekonomi Rejyon Nò nou an epi amelyorasyon sa yo nan sant Cornell pou teknoloji alimantè avanse pral ede sipòte fèmme ak antreprenè nan domèn manje atravè rejyon an”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Lè nou investi nan fason yo kiltive, trete ak anbale manje nou yo, n ap investi nan yon New York ki pi solid ak pi an sante pou tout moun.”

“Amelyorasyon sa yo nan Sant Cornell Food Venture pral kontinye avanse rechèch ak devlopman nan tretman manje nan Eta New York”, **Gouvènè Adjwen an Kathy Hochul te deklare.** “Amelyorasyon yo pral ede sipòte konpayi ak kiltivatè pou yo ka pi byen kiltive ak vann pwodwi yo, ofri opsyon manje sen bay moun New York.”

Etap la, yo te make li ak yon seremoni koupe riban ak selebrasyon 30yèm anivèsè kanpis Cornell AgriTech nan Geneva, reprezante yon lòt etap vèlavan nan plan global Gouvènè a pou li revitalize ekonomi Rejyon Nò a.

Sant Cornell Food Venture estimile siksè fèm, endistri alimantè a ak ekonomi rejyon an lè li sipòte syantifik, kiltivatè ak antreprenè alimantasyon atravè tès teknoloji avanse sou lo pwodwi ki gwo ak piti, kreye fason ki nouvo ak inovan pou kiltivte, rekòlte, transfòme ak anbale manje pou konsomasyon konsomatè. Sant lan ak patnè li yo pote apeprè 2,000 pwodwi sou mache a chak ane, sa enkli mak yo fasilman rekonèt tankou Red Jacket Orchards, Giovanni Foods ak Trader Joe's.

Yo te etabli li an 1988, Sant Cornell Food Venture se yon sant pou antrepriz alimantè nan Eta New York. Li ofri asistans konplè bay antreprenè ki nouvo ak sa ki etabli yo atravè edikasyon ak asistans dirèk nan domèn devlopman tretman, evaliyasyon sekirite pwodwi ak konsèy sou obsèvasyon regleman yo. Sant lan ofri tou referans pou asistans antrepriz, sous finansman, ravitayè ak founisè sèvis lokal.

Li lokalize nan Kanpis Cornell Agritech nan Estasyon Eksperimantasyon Agrikòl Eta New York lan (New York State Agricultural Experiment Station), Sant Cornell Food Venture a ki renove pral pèmèt antreprenè pou entwodwi plis engredyan natirèl, konsevwa materyèl anbalaj entelijan ak enkli lòt inovasyon modèn.

Antreprenè New York ap kiltive, fè ak vann pwodwi ki soti nan lèt ak lwil grenn, soti nan sòs ale nan konfiti ak kònichon. Sant lan ak patnè li yo ofri konsomatè yon nouriti ki pi fre, pi nourisan nan yon anbalaj ki amelyore. Nouvo teknoloji nan Sant Cornell Food Venture ede amelyore kalite, sekirite ak lonjevite pwodwi yo delivre bay konsomatè yo.

Komisè Agrikilti ak Mache Eta la (State Agriculture and Markets), Richard A. Ball, te deklare, “Nouvo izin pilòt sa a pou rechèch ak transfòmasyon avanse pou manje ak bwason, reflekte sipò Gouvènè Cuomo pou fèm nou yo, endistri nouriti ak bwason nou yo, ak avansman teknoloji pou kontinye amelyore pwodwi nou yo. Gras ak Gouvènè Cuomo ansanm ak Lejislati a, Eta New York la envesti plis pase 13 milyon dola nan amelyore Sant Cornell Food Venture, yon patnè vital nan estimile ekonomi nou an atravè sipò pou endistri agrikòl ak nouriti nan Eta New York”.

Kathryn Boor, ki se Dwayèn Inivèsite Agwonmi ak Syans Lavi (College of Agriculture and Life Sciences, CALS) Ronald P. Lynch lan nan Cornell University, te deklare, “Nou remèsye Eta New York paske li sipòte etablisman nou yo ki apenn revitalize, sa ki pral bay Cornell yon pi gwo avantaj nan sipòte kominote kiltivatè ak nouriti atravè eta New York, sa ki santral pou misyon nou an”.

Direktè Sant Cornell Food Venture Olga Padilla-Zakour te deklare, “Amelyorasyon nan izin lan pral ede nou satisfè ogmantasyon nan demann pou pwodiksyon lo nan echèl piti ak gwo echèl epi estrikti ki modènize. Ekipman adisyoneèl lan pral pèmèt antreprenè alimantasyon nou yo atravè New York itilize etablisman nou an pou devlope nouvo pwodwi san yo pa anpeche orè pwodiksyon ki deja ekziste, epi li pral pèmèt antreprenè pou kreye lo piti nan objektif pou teste mache a”.

Ansyen Senatè Michael Nozzolio, ki te ede jwenn finansman an, te deklare, “Sou direksyon ki vizyonè ak konsantre Dwayèn CALS Kathryn Boor, resevwa envestisman vital sa a ranfòse sektè biznis nou an ki pi enpòtan an, epi li pral ede inovatè, antreprenè, ak lidè endistri nan alimantasyon ogmante travay ak antrepriz pou jenerasyon k ap vini yo, pa sèlman nan Finger Lakes, men atravè tout Eta New York la. Se te yon onè pou mwen pou m travay ak Dwayèn Boor pou ede reyalize objektif enpòtan sa yo”.

Senatè Patty Ritchie, Prezidan Komite Agrikilti Sena a (Senate Agriculture Committee), te di, “Pandan agrikilti nan New York kòmanse sou fèm nou yo, pwodiksyon, tretman, ak maketin pou manje ak bwason nou yo se yon pati vital nan

siksè pi gwo endistri nan eta nou an. Atravè amelyorasyon nan Izin Pilòt nan Sant Cornell Food Venture n ap sipòte kwasans pwopriyetè biznis agrikòl epi ede yo aplike pratik ki nouvo ak inovan ki ede yo devlope endistri agrikilti nou an gwo”.

Senatè Pamela Helming te di, “Re-ouvèti Sant Cornell Food Venture se yon opòtinite eksitan pou fèm ak biznis rejyonal nou yo. Li pral pèmèt, fèm, kiltivatè, pwodiktè manje ak bwason, ak biznis ki lye yo kontinye grandi ak pwospere, pa sèlman isit la nan rejyon Finger Lakes, men atravè Eta New York. Resous Sant lan ofri pou eta ak rejyon nou an rete vital pou asire yon ekonomi ki pwospere isit la nan Finger Lakes ak pi lwen. Sant lan sipòte plis pase 500 konpayi epi li pote apeprè 3,000 pwodwi sou mache a chak ane. Pandan tan sa a, izin pilòt sa a pèmèt antreprenè inovè ak devlope antrepriz yo epi tou entwodwi plis engredyan natirèl, konsevwa materyèl anbalaj entelijan, ak enkli lòt teknoloji avanse. Mwen felisite Dwayèn Boor ak Fakilte Agrikilti ak Syans Lavi nan Cornell pou travay di yo pou yo rann sa yon reyalye, epi m ta renmen remèsye yo pou devouman sanpransouf yo gen pou inovasyon. Se toujou yon plezi pou travay ak CALS, epi mwen enpasyon pou yon patenarya kontini nan ofri resous kominote nou yo bezwen pou yo pwospere”.

Manm Asanble Bill Magee te deklare, “Amelyorasyon yo fè nan Sant Cornell Food Venture prezante yon opòtinite eksitan pou fèm ak antreprenè alimantasyon lokal nou yo. Lè nou envesti nan pwodiktè manje ak bwason nan eta nou an, n ap asire yo gen zouti ak teknoloji yo bezwen pou ofri moun New York pwodwi gwo kalite yo bezwen epi pou yo reyisi finansyèman. Mwen aplodi Gouvènè Cuomo pou sipò li nan ede estimile ekonomi Finger Lakes vèlavan”.

Direktè Finansye nan Giovanni Foods David Monahan te deklare, “San èd Sant Cornell Food Venture, pwodwi nou yo pa tap janm jwenn wout pou yo rive nan chèn episri tankou Trader Joe’s, Wegman’s ak Aldi’s”.

Akselasyon pwogram “Finger Lakes Forward”

Anons jodi a vin konplete pwogram “Finger Lakes Forward”, ki se plan konplè rejyon an pou jenere kwasans ekonomik djanm ak devlopman kominote. Eta a te envesti deja plis pase 6.1 milya dola nan rejyon an depi ane 2012 la pou reyalize travay preparatwa pou plan – lè li envesti nan endistri kle yo ki gen ladan yo fotonik, agrikilti ak pwodiksyon pwodwi alimantè, ansanm ak manifakti avanse. Jounen jodi a, chomaj la desann nan pi ba nivo li depi anvan Gwo Resesyon an; taks revni pèsònèl ak antrepriz yo bese; epi biznis yo ap chwazi zòn tankou Rochester, Batavia ak Canandaigua kòm destinasyon pou devlope epi envesti.

Kounye a, rejyon an ap akselere ak pwogram “Finger Lakes Forward” la ak yon investisman 500 milyon dola Eta a te fè atravè Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò Eta a, ke Gouvènè Cuomo te anonse an Desanm 2015 lan. Investisman 500 milyon dola eta a ap ensite biznis prive yo envesti plis pase 2.5 milya dola – e plan rejyon an, jan li soumèt la gen pwojè pou plis pase 8,200 nouvo djòb. Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

Pou plis enfòmasyon sou Sant Cornell Food Venture, vizite:
<https://cfvc.foodscience.cals.cornell.edu/>.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)